




## Èske w konnen dwa w lè w ap pote plent pou yon krim seksyèl oswa yon lòt krim grav?

Si ou se yon timoun gason, timoun fi oswa yon adolesan, oswa yon adilt responsab ki akonpaye w, li enfòmasyon sa yo.

Nenpòt fòm vyolans seksyèl anvè<sup>1</sup>  
timoun gason, timoun fi ak adolesan  
se yon krim epi yo ta dwe denonse.

Plis enfòmasyon nan:  
[www.amparoyjusticia.cl](http://www.amparoyjusticia.cl)

#NOME PREGUNTEMAS



**Ki sa yon Plent ye?**: Kominike a yon otorite sou posiblité ki genyen pou komèt yon Krim, pou li ka envestige.

**Ki kote ou ka pote yon plent?**: Lapolis Chili, Polis Envestigasyon, Biwo Pwokirè (Ministè Piblik) oswa tribunal kriminèl.

Ofisyèl enstitisyon sa **yo pa ka refize resevwa plent la**. Ni yo pa ka refere li bay yon lòt inite oswa yon lòt enstitisyon (Lwa 21.057).



### Pandan plent lan

1. Moun ki resevwa plent lan dwe bay yon tretman nan diyite ak respè. **Li dwe toujou enfòme moun ki pote plent lan sou dwa li yo ak pwochen etap yo.**

2. Patisipasyon timoun gason, timoun fi oswa adolesan nan yon plent **li volontè e nan okenn ka li pa obligasyon**. Si ou prefere, ou ka ale san yon adilt. Menm jan an tou, granmoun responsab la kapab ale san viktim nan.

3. Plent lan **dwe fèt nan yon espas ki pwoteje e ki prive**, li dwe separe ak kote ki gen lòt moun.

4. Moun ki resevwa plent lan dwe anrejistre tout ekspresyon vèbal ak ekspresyon non vèbal timoun gason, timoun fi oswa adolesan an. **Li pa ka poze kesyon** sou kijan evènman yo te fèt oswa ki moun ki te enplike.



**Kisa k ap pase aprè?**  
Aprè plent lan fin reyalize, yon pwofesyonèl nan Inite Rejyonal pou Atansyon Víktim ak Temwen (URAVIT) nan Biwo Pwokirè a pral kontakte timoun gason, timoun fi oswa adolesan an, oswa granmoun responsab la, pou konnen si yo nan kondisyon fizik ak sikolojik **pou patisce nan yon Entèvyou Ankèt sou videyo anrejistre**.



### Ki sa ki se yon Entèvyou Ankèt sou Videyo anrejistre?

Se yon entèvyou ke yon pwofesyonèl espesyalize fè pou pran enfòmasyon yon timoun gason, timoun fi oswa adolesan, nan objektif pou gide ankèt la epi pwoteje dwa yo. **Konvèrsasyon sa a anrejistre ak yon kamera ak mikwofòn, epi yo byen siveye.**

